

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Basa nya éta sistem lambang omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragem (konvensional) antaranggota masarakatna pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi (Sudaryat, 2004:6).

Fungsi utama basa dina kahirupan sapopoé manusa nya éta pikeun alat komunikasi jeung antaranggota masarakatna. Komunikasi nya éta prosés tukeur informasi antarindividu ngaliwatan sistem simbol, tanda, atawa paripolah anu umum (Abdul Chaer & Leonie Agustina, 2004:17). Ku kituna, salaku alat komunikasi, basa miboga rupa-rupa fungsi anu kawilang pentingna pikeun masarakat anu makéna.

Nilik kana pentingna basa salaku alat komunikasi, unggal jalma diperedih bisa ngagunakeun basa anu hadé, kalawan puguh éntép seureuhna tur bener undak-usuk basana. Kaparigelan ngagunakeun basa hiji jalma mangrupa modal anu utama pikeun ngayakeun prosés komunikasi di masarakat. Hiji jalma disebut geus parigel ngagunakeun basana upama éta jalma geus bisa ngalarapkeun aturan-aturan makéna basa kayaning komponén-komponén basa jeung éjahan basa Sunda anu bener. Salaku alat komunikasi, basa kudu luyu jeung kontékna (situasi, kondisi, jeung tujuan). Minangka alat komunikasi, basa Sunda miboga kalungguhan salaku basa daérah.

Pangajaran basa Sunda ditangtayungan ku payung hukum anu ngajanggélék dina *Peraturan Daerah Provinsi Jawa Barat No. 5 Tahun 2003* ngeunaan ngamumulé basa, sastra jeung aksara daérah, anu netepkeun basa daérah, kaasup basa Sunda, diajarkeun ti TK nepi ka SMA/sadarajat di Jawa Barat.

Salian ti éta, basa Sunda mangrupa salasihiji mata pangajaran muatan lokal anu kudu diajarkeun di SD, SMP, jeung SMA di Jawa Barat. Basa Sunda diajarkeun di sakola-sakola sangkan siswa wanoh jeung weruh kana budaya jeung sastra Sunda, sarta bisa ngagunakeun basa Sunda kalawan bener tur merenah dina kahirupan sapopoé.

Dina kalungguhanana salaku basa daérah, saperti nu dicindekkeun ku Seminar Politik Bahasa Nasional 1975 di Jakarta, basa Sunda miboga pancén atawa fungsi jadi (1) lambang kareueus masarakat Sunda, (2) lambang jati diri (idéntitas) masarakat Sunda, (3) alat paguneman di lingkungan kulawarga jeung masarakat Sunda, (4) pangdeudeul basa nasional, (5) basa panganteur di sakola dasar (SD) di kelas-kelas munggaran pikeun ngalancarkeun pangajaran basa Indonesia jeung pangajaran lianna, sarta (6) alat pamekar jeung pangdeudeul budaya Sunda (Halim dina Sudaryat, 2009:2).

Kaparigelan basa téh kudu kahontal kalawan hadé luyu jeung tujuan sarta fungsi pangajaran basa Sunda anu geus ditétélakeun di luhur. Nulis ogé mangrupa salasihiji aspék tina opat kaparigelan basa.

Dina kagiatan ngarang mikabutuh kaweruh kana tata basa, saperti kamampuh nuliskeun kecap, nyusun kalimah, nyusun paragraf, sarta kudu ngawasa éjahan basa Sunda anu bener.

Kamampuh nuliskeun kecap kalawan luyu jeung hartina, boh harti leksikal boh harti gramatikal kudu bener-bener kacangking ku nu nulis. Kamampuh ngagunakeun kaédah basa anu bener bakal mangaruhan kana hadé goréngna hasil tulisan.

Morfologis mangrupa sifat anu patali jeung morfologi. Morfologi nya éta bagian tina élmu basa anu medar asal-muasal wangun kecap sarta fungsi parobahan-parobahan éta wangun kecap, boh fungsi gramatikal boh fungsi semantik (Ramlan, 2009:21). Ku kituna, morfologi raket patalina jeung pilihan kecap (diksi). Ku lantaran kaédah morfologis mangrupa salasihiji kaédah basa anu kudu kacangking ku nu maké basa, kaasup para siswa di sakola, ku kituna perkara morfologis ogé jadi salasihiji bahan pangajaran di sakola. Dina prakna

digunakeun, kaédah morfologis téh tara salawasna bener, tapi bisa baé salah. Kasalahan saperti kitu bisa disebut kasalahan morfologis.

Sabada ngayakeun analisis kana sababaraha tulisan siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung, boh éta dina wangun kalimah boh dina wangun wacana, loba pisan kasalahan anu dilakukeun ku siswa. Dina hal ieu utamana kasalahan dina ngagunakeun kecap rundayan, kecap rajékan, kecap kantétan, jeung wangun morfonémis. Ieu hal patali jeung pangajaran kabasaan anu diajarkeun di sakola-sakola, kaasup di sakola menengah. Lolobana guru mentingkeun kana SKSD anu aya dina RPP anu ngawengku kaparigelan ngagunakeun basa kayaning matéri ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Sedengkeun matéri kabasaanana mah ngan saukur dijadikeun matéri tambahan.

Panalungtikan anu geus pernah dilakukeun ku mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah patali jeung kasalahan morfologis aya dua nya éta (1) “Kasalahan Morfologis dina Karangan Déskripsi Siswa SMP Percontohan Lab School UPI” (Indah Kartika D, 2009), jeung (2) “Kasalahan Morfologis dina Karangan Esay Siswa Kelas XII SMA Kartika Siliwangi 2 Bandung Taun Ajaran 2010/2011” (Restilawati Mustika, 2011). Sanajan sarua nalungtik ngeunaan kasalahan morfologis, tapi béda wangun wacana anu ditalungtikna sarta béda ogé sumber datana.

Dumasar kana sagala hal anu geus diébréhkeun di luhur jeung pentingna kaédah basa nu kudu kacangking ku pamaké basa, kaasup para siswa di sakola, panalungtikan anu judulna “Kasalahan Morfologis dina Surat Pribadi Siswa Kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2012/2013” ieu perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Sangkan ambahan ieu panalungtikan teu lega teuing, ieu panalungtikan diwatesan ngan nalungtik perkara kasalahan morfologis dina:

- 1) ngagunakeun kecap rundayan;
- 2) ngagunakeun kecap rajékan;
- 3) ngagunakeun kecap kantétan; jeung

- 4) ngagunakeun wangun morfofonémis.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang jeung watesan masalah anu geus dipedar, masalah ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kasalahan morfologis naon baé anu dilakukeun ku siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung dina surat pribadi anu disusunna?
- 2) Kasalahan ngagunakeun kecap rundayan naon baé anu dilakukeun ku siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung dina surat Pribadi anu disusunna?
- 3) Kasalahan ngagunakeun kecap rajékan naon baé anu dilakukeun ku siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung dina surat pribadi anu disusunna?
- 4) Kasalahan ngagunakeun kecap kantétan naon baé anu dilakukeun ku siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung dina surat pribadi anu disusunna?
- 5) Kasalahan ngagunakeun wangun morfofonémis naon baé anu dilakukeun ku siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung dina surat pribadi anu disusunna?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan téh boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kasalahan morfologis anu dilakukeun ku siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung dina surat pribadi anu disusunna.
- 2) kasalahan ngagunakeun kecap rundayan anu dilakukeun ku siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung dina surat pribadi anu disusunna.
- 3) kasalahan ngagunakeun kecap rajékan anu dilakukeun ku siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung dina surat pribadi anu disusunna.
- 4) kasalahan ngagunakeun kecap kantétan anu dilakukeun ku siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung dina surat pribadi anu disusunna.
- 5) kasalahan ngagunakeun wangun morfofonémis anu dilakukeun ku siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung dina surat pribadi anu disusunna.

1.4 Manfaat Panalungtikan

1.4.1 Manfaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun:

- 1) nambahan référénsi ngeunaan ulikan morfologis; jeung
- 2) méré informasi ngeunaan kaédah morfologis.

1.4.2 Manfaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun méré gambaran ka paraguru pikeun nangtukeun léngkah-léngkah anu kudu dilaksanakeun patali jeung ngalatih kamampuh siswa dina ngagunakeun basa Sunda anu bener tur merenah.

1.5 Raraga Tulisan

Sanggeus data réngsé dianalisis, tahap ahir dina ieu panalungtikan nya éta nyusun hiji laporan dina wangun skripsi. Raraga nulisna kabagi jadi lima bab, nya éta:

Bab I dijudulan bubuka, anu eusina ngawengku kasang tukang panulisan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II dijudulan kasalahan basa, morfologi jeung surat pribadi, anu eusina ngawengku wangenan kasalahan basa, kasang tukang kasalahan basa, ragem kasalahan basa, taksonomi kasalahan linguistik, kasalahan morfologis, wangenan morfologi, prosés morfologis: prosés ngararangkénan (afiks), prosés ngarajék (réduplikasi), prosés ngantétkeun (komposisi), morfofonémis, jeung matéri ngeunaan surat pribadi.

Bab III dijudulan métode panalungtikan, anu ngawengku sumber data, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumen panalungtikan, jeung téhnik panalungtikan.

Bab IV dijudulan Kasalahan morfologis dina surat pribadi siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2012/213, eusina ngeunaan hasil analisis kasalahan morfologis anu nyampak dina surat pribadi nu ditulis ku siswa.

Bab V dijudulan kacindekan jeung Rékoméndasi , anu eusina nyindekkeun hasil panalungtikan sarta maparin rékoméndasi pikeun panalungtikan salajengna.

